3. Белоусова О.В. Социально-педагогический мониторинг уровня воспитанности. – М: «Перспектива», 2012. – С. 104.
4. Белякова Е.Г. Психолого-педагогический мониторинг: учебное пособие. /Е.Г.Белякова, Т.А.Строкова; Тюменский государственный университет, Институт дистанционного образования, Институт психологии и педагогики. – Тюмень: Тюменский государственный университет, 2015. –С.240. ил.Режим доступа: по подписке. – URL: https://biblioclub.ru/index.php?page=book&id=571918 (дата обращения: 25.05.2023). – Библиогр.: -С. 165 - 168. ISBN 978-5-400-01098-9. – Текст : электронный.

**РЕЗЮМЕ.** Мақолада таълим тизимида мониторингни лойиҳалаш ва амалга ошириш масалалари муҳокама қилинди ва тақдим этилди.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассмотрены и представлены проектирование и внедрение мониторинга в систему обучения.

**SUMMARY.** The article discusses and presents the design and implementation of monitoring in the education system.

# TÁLIM MÁMLEKETLIK EMES TILLERDE ALÍP BARÍLATUǴÍN KLASLARDA QARAQALPAQ TILI SABAQLÍǴÍNDAǴÍ ÁDEBIY MATERIALLARǴA TALQÍ

## (10-klass materialları mısalında)

**G.A.Mambetova –** *tayanısh doktorant*

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so'zlar**: davlat tili, davlat tili tarkibidagi adabiy materiallar, kalendar tematik reja, darslik.

**Ключевые слова**: государственный язык, художественные материалы по предмету государственного языка, календарно- тематический план, учебник.

**Key words**: the state language, literary materials on the subject of the state language, calendar thematic plan, course-book.

Oqıw procesiniń orayında barlıq waqıtta oqıtıwshı hám oqıwshı bolıp, sabaqlıqtan sabaq oqıtıw quralı sıpatında paydalanıladı. Sabaqlıqlar oqıw baǵdarlaması menen sáykes keliwi, janlı tilde jazılǵan, túsindiriw hám yadlaw illyustraciyaları menen támiyinlengen, jaqsı basıp shıǵarılǵan bolıwı tiyis. Sabaqlıqlar bilim alıwdıń tiykarǵı baǵdarlawshısı bolıwı menen birge oqıw-tárbiya procesin shólkemlestiriwdiń zárúr quralı bolıp esaplanadı. Sonlıqtan sabaqlıq tálimniń maqseti hám wazıypaları, onıń didaktikalıq hám metodikalıq principlerine sáykes bolıwı kerek. Sabaqlıq oqıw páni mazmunın ǵana emes, bálkim bilimlerdi ózlestiriwdiń dárejesin hám túsindiriw metodların da ózinde sáwlelendiriwi zárúr [1:83].

Mekteplerdegi tálim mámleketlik emes tillerde alıp barılatuǵın 10-klaslarında [2] qaraqalpaq tilin oqıtıwǵa berilgen túsindiriw xatında oqıtıwdıń maqseti, túrleri, metodları, máseleleri, awızeki hám jazba tildi rawajlandırıw usılları, qaraqalpaq tiline qosımsha ádebiy oqıw retinde belgili qaraqalpaq jazıwshı-shayırlarınıń ómiri hám dóretiwshiligi haqqında qısqasha maǵlıwmatlar menen tanısıw, olardıń saylandı shıǵarmalarınan oqıwshılardıń jas hám psixofiziologiyalıq ózgesheligine sáykes bolǵan úzindilerdi beriw arqalı qaraqalpaq ádebiyatı úlgileri menen jaqınnan tanıstırıw, sóylewde qaraqalpaq ádebiy tili normaların sińdiriw kózde tutılatuǵınlıǵı, oqıwshılarda kitapxanlıq mádeniyatın rawajlandırıw maqsetinde klastan tıs oqıw ushın da saatlar ajıratılǵanlıǵı, oqıw baǵdarlamasında hárbir tema boyınsha oqıwshılarda qáliplestiriletuǵın pánge tiyisli hám tayanısh kompetensiyalarınıń elementleri temanıń mazmunınan kelip shıqqan halda úlgi sıpatında usınıs etilgenligi atap ótiledi.

Tálim mámleketlik emes tillerde alıp barılatuǵın klaslardıń 10-klasları ushın arnalǵan oqıw baǵdarlaması túsindiriw xatı, bilim hám kónlikpeler, oqıwshılarda qáliplestiriletuǵın B1, B2 tayanısh kompetensiyalar oqıwshılardıń barlıq múmkinshilikleri, jasına say sóylew, jazıw, bayan qılıw, erkin pikirlew múmkinshilikleri, uqıplılıqları esapqa alınǵan halda dúzilgen.

Tálim mámleketlik emes tillerde alıp barılatuǵın klaslarda qaraqalpaq tili (Mámleketlik til) quramında ádebiy oqıw sıpatında ótiletuǵın qaraqalpaq ádebiyatına 10-klaslarda 4-sherek dawamında 19 saat ajıratılǵan.

Sabaqlıqta hár bir tema úsh bólimnen ibarat bolıp, birinshisi oqıwshılardıń til baylıǵın ósiriw, oy-órisin rawajlandırıw maqsetinde sáwbetlesiw ushın temalar beriledi, ekinshi sabaq qaraqalpaq tiliniń grammatikası, úshinshi sabaq ádebiy oqıw sıpatında qaraqalpaq folklorı, klassik ádebiyat wákilleriniń dóretpeleri, XX ásir qaraqalpaq ádebiyatı wákilleriniń dóretpeleri, ǵárezsizlik dáwirindegi ádebiyat sonday-aq jáhán ádebiyatı dúrdanalarınan úzindiler beriledi. Sabaqlıqqa shayır-jazıwshılardıń ómirbayanı, jaqsı dóretpeleri alınıwǵa háreket etilgen. Sabaqlıqtı hár tárepleme úyrenip, klasslarda oqıtıp, aldıńǵı oqıtıwshılardıń sabaqlarına talqılaw jasap, oqıtıwshılar hám oqıwshılar arasında sáwbetlesiwler júrgizip, olardı ulıwmalastırǵan halda, tematikalıq baǵdarlama hám sabaqlıq boyınsha bir neshe usınıslar beriwdi lazım dep taptıq.

Sabaqlıqta "Bozuǵlan" dástanı haqqında teoriyalıq maǵlıwmatlar - jıynalıwı, jazıp alınıwı, ideyası, kompoziciyalıq qurılısı haqqındaǵı maǵlıwmatlar, sonday-aq dástannıń qısqasha mazmunı keltiriledi. Dástan ushın 1 saat berilgeni, dástannıń kólemi úlkenligin esapqa alıp, ulıwma mazmunı haqqında maǵlıwmat berilgen, biraq sabaqlıqta dástannıń eń tiykarǵı mazmunın ashıp beretuǵın jerinen úzindi alınsa maqsetke muwapıq boladı. Tema boyınsha dúzilgen sorawlardıń (Bos waqtıńızda qanday ádebiy kitaplar oqıwǵa qızıǵasız, siziń súygen ádebiy qaharmanıńız kim?) mazmunı temaǵa sáykes kelmeydi. "Men súygen qaharman" temasında óz-ara sáwbetlesiń tapsırması úyge tapsırma sıpatında beriliwi tuwrı kelmeydi, onıń ornına dástandı oqıp qaharmanlarına sıpatlama beriwdi keste túrinde islew tapsırılsa, oqıwshılar kesteni toltırıw barısında, dástandı oqıwǵa háreket etedi. Mısalı:

| Qaharman | Portretiniń beriliwi | Islegen erlikleri | Ózińizdiń qaharmanǵa bergen minezlemeńiz |
|---|---|---|---|
| | | | |

2-tema. Ańızlarlarǵa berilgen kirisiw maǵlıwmatlar júdá az hám sayız berilgen, ańızlarǵa anıq qaǵıyda beriliw kerek. Tema boyınsha soraw hám tapsırmalar anıq hám qızıqlı etip berilgen. Sózliklerdegi "Kommunikativlik, predikativlik" sıyaqlı internacional terminlerdiń ornına, "tentek, laqap, dar, tuyaq, bógelek" sıyaqlı oqıwshılardıń túsiniwine qıyın bolǵan sózlerge awdarma hám túsindirme mánileri beriliw kerek. Úyge tapsırma sıpatında "Sóz qúdireti" degen temada shıǵarma jazıp keliwdi tapsırıw orınlı boladı.

3-tema. Erte dáwirdegi ádebiyat temasında kóbirek tariyxıy maǵlıwmatlar berilgen. Usı maǵlıwmatlardıń izine "Qorqıt ata jırları"nan úzindiler berilse, oqıwshılar erte dáwirdegi ádebiyat boyınsha azlı-kem maǵlıwmatlarǵa iye boladı. Sorawlar hám tapsırmalar bóliminde Orxon–Enisey jazıwlarında qanday qaharmanlar menen tanısamız degen soraw berilgen, biraq, temada bul boyınsha birde-bir maǵlıwmat berilmegen. "Erte dáwirdegi ádebiy shıǵarmalar menen oqıp tanısıń"- degen tapsırma berilgen, oqıwshı

olardı izlegen menen taba almaydı da, olardı túsiniw bul oqıwshılar ushın qıyınshılıq tuwdıradı.

4-tema. Tariyxıy tolǵawlar. Sabaqlıqta tolǵawlar haqqında teoriyalıq maǵlıwmatlar jaqsı berilgen. Teksttiń izine Soppaslı Sıpıra jıraw, Asan qayǵı, Dospanbet jıraw, Múyten jırawlardıń tolǵawlarınan úzindiler beriliwi tiyis. Sebebi tálim mámleketlik emes tillerde alıp barılatuǵın klasslarǵa shıǵarmalar óqıwshilardıń awızeki sóylewin rawajlandırıw, sóz baylıǵın asırıw maqsetinde beriletuǵın bolǵanlıǵı ushın tekst beriliwi, onı oqıwshılar oqıp, tallap úyrengeni maqsetke muwapıq boladı. Sózlikler tálim mámleketlik emes tillerde alıp barılatuǵın klaslardıń sabaqlıǵınıń en tiykarǵı hám zárúrli bólimi. Beriletuǵın tekstlerdi oqıwshı túsinip oqıwı ushın qıyın bolǵan sózlerge awdarma hám túsindirme maniler beriliwi oǵada zárúr. Sabaqlıqtaǵı sózlikte berilgen derlik barlıq sózler júdá ápiwayı, en ańsat sózlerdiń mánileri berilgen. Mámleketlik til páni tálim mámleketlik emes tillerde alıp barılatuǵın klaslarda 2-klastan baslap ótiletuǵınıın esapqa alsaq, sózlikte berilgen (*túlki, ay, báhár, gúz, dástan,ertek, naqıl*) sózlerdi oqıwshilar álleqashan úyrenip boldı. Sonlıqtan, onıń ornına "úgit-násiyat, ashlıq-áptadalıq, dáwir, jıraw, qobız" sózleriniń túsindirme mánisin bergenimiz maqul boladı.

5-tema. Klassik ádebiyat wákilleri dóretiwshiligi temasına Berdaq Ǵarǵabay ulınıń dóretiwshiligi menen "Balam" qosıǵı berilgen. Tómengi klaslarda shayırdıń "Izler edim, «Qashan ráhátlanadursań», «Xalıq ushın» qosıqları úyreniledi. Shayırdıń "Balam" qosıǵı 5-klass sabaqlıǵında beriledi hám 10-klaslar ushın bul shıǵarma jas ózgesheligine qarap tuwrı da kelmeydi, onıń ornına "Maǵan ber" qosıǵı yamasa "Amangeldi" poemasınan úzindi berilip, oqıwshılarǵa tanıstırılsa hám "*xalıq tágdiri, pazıylet, iygilikli, maqset, miyras*" sózlerine túsindirme berilse maqsetke muwapıq bolar edi. N.Dáwqaraevtıń ómir jolı hám dóretiwshiligine baylanıslı maǵlıwmatlar ıqsham etip kirgizilgen, "Internatta" gúrrińinen úzindi keltirilgen. Sorawlar hám tapsırmalarǵa qosımsha retinde tómendegidey tapsırmalardı qosımsha qılıwǵa boladı:

❖ Gúrrińde keltirilgen peyzajlıq qatarlardı dápterińizge kóshirip jazıń hám tábiyat kórinisin súwretlewdegi jazıwshınıń sheberligi haqqında sáwbetlesiń.

❖ Gúrrińdegi hayal hám balanıń portretin oqıp, sol dáwir haqqında sáwbetlesiń.

❖ Tóreshtiń is-háreketleri berilgen qatarlardı oqıp, balaǵa sıpatlama beriń.

Sózlik: *Qar-мешок, tulımshaq-чуб, пучок волос-jas balanıń eki shekesinen salbıratıp, arnap qoyılǵan azıraq shash, túyinshik-узелок-oralıp buwılǵan zat, qashıqlaw-alıslaw, uzaqlaw-отдаляться, múshkil-awır,mashaqat, qıyın, трудный,безвыходный,ayaǵı sal bolıw-ayaǵı awırlasıp shárshaw, emiziwli-грудной малыш, jórgek-пеленка-kishkene balanı jatqarǵanda astına salıp qoyatuǵın jayalıq, shekiyne-awzı búrmeli etip gezlemeden islengen ıdıs,zaǵara-júweriniń unınan islengen nan*

8-tema. T.Jumamuratov dóretiwshiligi. Tekstte maǵlıwmatlar ulıwmalıqqa tiykarlanıp, xronologiyalıq tártipte dizip taslanǵan. Oqıwshı ushın bul maǵlıwmatlar qızıqlı emes, zárúrlik te tuwdırmaydı. Maǵlıwmatlardı bul tártipte beriw qaraqalpaq klası sabaqlıqları ushın berilgeni maqul, al tálim mámleketlik emes tillerde alıp barılatuǵın klasslar ushın jazıwshı-shayırlardıń en belgili shıǵarmalarına az-kem tallawlar jasalıp, bir shıǵarması yamasa shıǵarmadan úzindiler berilip úyretilgeni paydalı boladı. Tema boyınsha sorawlar hám tapsırmalar bóliminde:1. T. Jumamuratovtıń poeziyasınıń ózgesheligi haqqında aytıp beriń. 2. T.Jumamuratovtıń proza tarawına qosqan úlesi qanday? 3. Satirik shayır sıpatında qanday qosıqlar dóretti? Berilgen sorawlar boyınsha tekstte maǵlıwmat berilmegen. Ádebiy oqıw sıpatında shayırdıń "Ton menen tóbeles qosıǵı" beriledi. Bul qosıq úyreniw ushın 9-klasta da beriledi. Bul qosıqtıń ornına shayırdıń "Bala tuwralı sóz" poeması kirgizilse, poema arqalı oqıwshılar ákelerdiń perzentke bolǵan mehiri, hátte eń zalım adamlardıń da perzentine degen mehir-múriwbet sezimlerin búgingi kún menen salıstırıp talqılaydı hám bul oqıwshını pikirlewge iytermeleydi, tárbiyalıq xarakteri de kúshli.

9-tema. Kamal Mambetovtıń ómiri hám dóretiwshiligi boyınsha maǵlıwmatlar qısqa hám túsinikli qılıp berilgen. Hár bir jazıwshı shayırdıń ómiri hám dóretiwshiliginen keyin onıń shıǵarmasınan úzindiler beriliw kerek. Mısalı oqıwshılardıń jas ózgesheligin esapqa alǵan halda "Posqan el" romanınan tómendegi bólimi úzindi sıpatında kirgizilse boladı.

**"Posqan el" romanı (úzindi)**

*"Sarı uwayımlı sırdanday dalańlıq baslandı. Joldıń bári burqıraǵan shań. Hár jer hár jerde qoqırayǵan qaqıralar kórinedi. Ebindey ǵana tútin tútetip otırǵan kempir-ǵarrıdan basqa el joq. Jurttıń bári jaylawǵa kóship ketipti* [3].

*Tamaqqa pátiya jasalıp, qol juwılıp bolınǵannan keyingi áńgimeniń tórkini negizinen Súmbiledegi diyxanshılıqtıń keleshegine baǵıshlandı."*

"Posqan el" romanınan usı saxna úzindi etip alınıwǵa boladı, sebebi, jıynaqlı, shıǵarmanıń tili oqıwshılar ushın túsiniwge jeńil, sonıń menen birge tálim basqa tilde alıp barılatuǵın klass oqıwshıları qaraqalpaq xalqınıń milliyligine baylanıslı salt-dástúrler-miyman kútiw, as bólistiriw sıyaqlı úrp-ádeti menen tanısadı. Shıǵarmanıń tili, jazıwshınıń sheberligi, jazıw stili, paydalanılǵan naqıl-maqallar oqıwshını biyparıq qaldırmaydı. Soraw hám tapsırmalar bóliminde "As bólistiriw dástúri jáne qaysı xalıqlarda bar, sóz ónerin iyelew insannıń ómirde óz ornın tabıwında qanday áhmiyetke iye, «Kózdi kósem jeydi», «Batırdıń kórki mańlayda, sheshenniń kórki tańlayda», «Tayaq-etten, sóz-súyekten ótedi», «Sultan qulaǵı sańıraw, qoshshı qulaǵı táwir-aw» degen naqıllar boyınsha pikirlesiń» sıyaqlı sorawlar hám tapsırmalar oqıwshılardı tereń pikirlesiwge iytermeleydi. Úyge tapsırma sıpatında «Ájayıp úrp-ádetler hám olardıń tárbiyalıq xarakteri» degen temada shıǵarma jumısın jazıp keliw tapsırılsa, oqıwshılar bunı qızıǵıwshılıq penen orınlaydı hám bir qansha maǵlıwmatlarǵa iye boladı, erkin pikirlewge úyrenedi.

10-tema Kenesbay Raxmanov ómiri hám dóretiwshiligi haqqında tekst qısqa hám anıq qılıp berilgen. Tema boyınsha soraw tapsırmalar tek ǵana tekstti qaytalap oqıwǵa, tekst ishinen juwap tawıp qoyıw ushın ǵana mólsherlep berilgen. "Watan muxabbatı menen" qosıǵı kirgizilgen. Tapsırma sıpatında qosıqtaǵı "Erkin miynet qazanında qaynaǵan" degen qatardı talqılań, shayırdıń qosıqtaǵı watanǵa táriyp bergen, ózlerińizge unaǵan qatarların dápterińizge kóshirip jazıń, siz watannıń bir perzenti sıpatında watanǵa qanday táriyp bergen bolar edińiz, oylarıńızdı dápterińizge jazıń- degen tapsırmalardı beriw múmkin. Sózlikte berilgen "toǵay, lirika, ádebiyat" sózleriniń ornına tómendegi sózler kirgizililse orınlı boladı. Máselen, ***aynıtıw**-ózgertiw, basqa jaqqa dóndiriw-отговаривать, **sel**-jawın suwınan payda bolatuǵın aǵın suw-сель,половодье, **taynapır**-úlken, náhán-большой, **ushqın**-qızǵan hám janǵan ottıń mayda jalını, shoǵı-искра, **shuǵla**-nur-луч, **ullılıq**-величественность, **ǵayrı**-jat, bóten-чужой* h.t.b

Berilgen saatlar ham temalar, sabaqlıqta berilgen materiallardı kórip shıǵıp tómendegidey juwmaqlarǵa keldik hám bir qatar usınıslar berip ótkendi maqul taptıq.

1. Mámleketlik til pánine berilgen saatlardıń, sonıń ishinde ádebiy oqıwǵa berilgen saat sanınıń az ekenligin hám bul klasslar jáhán ádebiyatı úlgilerin ózleriniń ana tili ádebiyatı sabaqlarında da úyrenetuǵınlıǵın esapqa alıp, mámleketlik til quramında ótiletuǵın ádebiy oqıwǵa tek qaraqalpaq ádebiyatı dúrdanaların kirgiziw lazım. Mısalı, Abay Qunanbay ulı haqqında qazaq klaslarına biz bermekshi bolǵan maǵlıwmatlardı olar álleqashan qazaq ádebiyatında artıǵı menen úyrenip boladı, sonday-aq

Wilyam Shekspirdiń “Gamlet” pyesası haqqında da 11-klass oqıwshıları jeterli maǵlıwmatlarǵa iye. Eger qaraqalpaq ádebiyatı sabaǵında Wilyam Shekspir úyreniliw shárt bolsa, bul ullı jazıwshınıń I.Yusupov tárepinen awdarmalanǵan “Sonet”lerinen úzindiler berilse, oqıwshı bir tárepten Shekspirdiń dúnyaǵa belgili sonetlerin qaraqalpaq tilinde oqıydı, sonday-aq I.Yusupovtıń awdarmashılıq sheberliginiń de guwası bolar edi.

2. Qaraqalpaq tili (Mámleketlik til) sabaqlıqlarında shayır jazıwshılardıń ómirbayanı basınan aqırına shekem jılları, islegen jumıs orınları, barlıq shıǵarmaları, toplamları ilimiy túrde dizip berile beriwi shárt emes, onıń ornına eń jaqsı shıǵarmalarınan úzindiler, shayır-jazıwshı haqqında zamanlasları tárepinen qaldırılǵan pikirler keltirilse oqıwshıda qızıǵıwshılıq oyatadı, sonday-aq bilimlendiriw sistemasında ásirese oqıwshılardıń ana tilinen tısqarı ekinshi til oqıtılıwında ilimiy bilimlerdi oqıwshı miyine quyıp qoyıwdan góre, onı erkin pikirlep, oy júrgizip, miynet qılıp ózlestiriwge baǵdarlaw maqsetke muwapıq, sebebi biz tálim basqa tilde alıp barılatuǵın klasslarda filolog qánigeler emes, en dáslep tárbiyalı, qálbi mehir-muxabbatqa tolı, shıǵarmalardı úyreniw arqalı óz ómirinde, kúndelikli turmısında hár qanday jaǵdaydan jaqsı jol menen shıǵıp kete alatuǵın ruwxıy salamat insanlardı tárbiyalawımız kerek.

3. Roman yaki povestten úzindilerdi tańlap alıwda sabaqlıq dúziwshiler, metodistler hám mektep oqıtıwshıları birgelikte jumıs alıp barıwı maqsetke muwapıq. Sebebi, roman yaki povestten alınǵan úzindiler shıǵarmanıń tolıq mazmunın ashıp bere almaǵanı menen, oqıwshıda shıǵarma haqqındaǵı dáslepki pikirlerdiń payda bolıwın, oqıwshınıń jasına say, sonday-aq tárbiyalıq xarakterge iye bola alatuǵın, hám eń tiykarǵısı úzindini oqıǵan oqıwshıda shıǵarmanı tolıq oqıp shıǵıwǵa degen umtılıstı payda ete alıwı kerek. Tálim mámleketlik emes tillerde alıp barılatuǵın klaslarda qaraqalpaq romanlarınan úzindiler tańlawda, qaraqalpaq xalqınıń milliyligine, úrp-ádeti, salt-dástúrleri hám tariyxına baylanıslı saxnalardı alıp sabaqlıqqa kirgiziw júdá orınlı boladı.

4. Sózliklerdi beriwde bul klasslardıń 2-klasstan baslap qarqalpaq tilin úyrenip kiyatırǵanlıǵın esapqa alǵan halda, kúndelikli paydalanıp júrgen (toǵay, báhár, jaz, ádebiyat h.t.b) sıyaqlı sózlerdi emes, shıǵarma ishindegi túsiniwge qıyın bolǵan sózlerdiń kópshiliginiń awdarma hám túsindirme variantların berip ótiw kerek.

5. Qaraqalpaq tili (Mámleketlik til) sabaqlıǵında berilgen teoriyalıq maǵlıwmatlar, shınıǵıwlar, shayır-jazıwshılardıń ómiri baylanıslı maǵlıwmatlar, sonday-aq sóylew kónlikpelerin rawajlandırıw ushın berilgen materiallar bir-biri menen aralasıp ketken, sabaqlıqtan paydalanıw oqıwshıǵa qıyınshılıqlar tuwdıradı. Sonlıqtan, biziń pikirimizshe, tilge baylanıslı materiallardı óz aldına ajıratıp, ádebiyatqa baylanıslı materiallardı kitaptın izine óz aldına, hár bir shayırdı taza betten baslap, súwreti menen beriw, ómirbayanın jıllar menen dizip taslamay, basqa xalıqlardıń shayırlarınıń, zamanlaslarınıń olar haqqında bildirgen pikirlerin kirgizgen maqul. Jáhán ádebiyatı úlgilerin mámleketlik til sabaǵında oqıtıw shárt emes, klasstan tıs oqıw ushın materiallar beriliwi, usı materiallardıń ishine jáhán ádebiyatı dúrdana shıǵarmaların kirgizip ketiw orınlı boladı.

Juwmaqlap aytqanda, tálim mámleketlik emes tillerde alıp barılatuǵın klasslardıń tematikalıq reje hám sabaqlıqlarınıń qayta kórip shıǵılıwı maqsetke muwapıq boladı.

**Adabiyotlar**

1. Турсунов Қ., Нормаматова Н. Дарслик тузилишига қўйиладиган замонавий методик талаблар. // «Халқ таълими», 2015, № 2. 83-б.

2. Abdinazimov Sh., Abdiev A., Táńirbergenov J. Qaraqalpaq tili. 10-klass. (Oqıw basqa tillerde alıp barılatuǵın klaslar ushın sabaqlıq). -N.: «Qaraqalpaqstan», 2019, 112-b.

3. Мамбетов К. Посқан ел. –Н.: «Қарақалпақстан». 1988, 34-35-б.

**REZYUME.** Maqolada ta’lim davlat tilidan boshqa tillarda olib boriladigan sinflarda qoraqalpoq tili tarkibida o‘qitiladigan adabiy materiallar, mavzular kalendar tematik reja, darsliklar bilan solishtirilib tahlil qilingan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье анализируются литературные материалы, преподаваемые на каракалпакском языке в классах, где обучение ведётся не на государственном языке.

**SUMMARY.** The article analyzes the literary materials taught in the Karakalpak language in classes where teaching is not in the state language.

## BASLAWÍSH KLASSLARDA MATEMATIKA PÁNINEN KLASSTAN TÍS JUMÍSLARDÍ SHÓLKEMLESTIRIW METODIKASÍ

**N.M.Nagmetova** – *pedagogika ilimleri boyınsha filosofiya doktorı, docent*
*Ajiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so‘zlar:** sinfdan tashqarı ishlar, to‘garak ishlari, TRIZ texnologiyasi.
**Ключевые слова:** внеклассная работа, кружковая работа, технология ТРИЗ.
**Key words:** extracurricular activities, circle activities, TRIZ technology.

Elimizde matematika tarawın rawajlandırıw boyınsha keń qamrawlı jumıslar ámelge asırılmaqta. Atap aytqanda, 2020-jıl 7-maydaǵı “Matematika tarawındaǵı tálim sapasın asırıw hám ilimiy-izertlewlerdi rawajlandırıw is-ilájları haqqında”ǵı PQ-4708-sanlı Prezident qararı tastıyıqlandı. Qarar boyınsha, ótken dáwir ishinde matematika ilim-páni hám tálimin jańa basqıshqa alıp shıǵıwǵa qaratılǵan úzliksiz wazıypalar belgilep berildi [1].

Matematika páni oqıwshılardan logikalıq oylawdı, abstrakt pikirlewdi talap etetuǵın quramalı pán bolıp esaplanadı, sonlıqtan, biz bul jaǵdayda matematika sabaqlarında zamanagóy innovaciyalıq texnologiyalardan paydalanıw arqalı baslawısh klass oqıwshılarınıń matematika pánin ańsat túsiniwine, matematika sabaǵın jaqsı kóriwine erisemiz.

Sonday-aq, baslawısh klass oqıwshılarınıń matematikalıq bilimlerin tereńlestiriwde, dóretiwshilik qábiletlerin rawajlandırıwda hám joqarı nátiyjelerge erisiwde klastan tıs jumıslardıń ornı erekshe. Klastan tıs jumıslardı shólkemlestiriwde oqıtıwshı oqıwshılardıń individual hám jas ózgesheliklerin, olardıń qızıǵıwshılıqların esapqa alıwı maqsetke muwapıq boladı.

Klastan tıs jumıslar tálim procesindegi tárbiyalıq jumıslardıń ajıralmas bólegi bolıp, oqıwshılardıń bos waqtın shólkemlestiriw formalarınıń biri sıpatında belgilenedi. Klastan tıs jumıslar hár túrli formada shólkemlestiriliwi múmkin.

Klastan tıs jumıslardı shólkemlestiriw hám ótkeriw metodikası haqqında professor M.Jumaev tómendegilerge tiykarlanıw kerek ekenligin kórsetip ótedi:

1. Sabaqta oqıwshılar alǵan bilim, uqıplılıq hám kónlikpelerdi esapqa alǵan halda ótkeriledi.

2. Klastan tıs jumıslar oqıwshılardıń qálewi, háweskerligi, dóretiwshiligi principlerine tıykarlanıwı hám olardıń individual pikirlerin qanaatlandırıw maqsetinde shólkemlestiriledi.

3. Klastan tıs jumıslardı ótkeriw formaları sabaqlardan ózgesheligi, qızıqlı tárepi kúshli boladı. Onıń ushın zárúrli